दिन–शुक्रवार दिनांक–13.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:35 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ असमक गुवाहाटी सँ पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक बाईसम किस्त जारी कयलनि। प्रधानमंत्री प्रत्यक्ष लाभ अंतरणक माध्यम सँ करीब नओ करोड़ बत्तीस लाख किसानक बैंक खाता मे अठारह हजार छओ सय चालीस करोड़ टाका अंतरित कयलनि। एम्हर, बिहारक तिहत्तरि लाख सँ बेसी किसानक बैंक खाता मे राशि पठाओल गेल अछि।

---

केन्द्र सरकार कहलक अछि जे पश्चिम एशिया मे जारी तनावक कारण देश मे एलपीजीक आयात प्रभावित भेल अछि। एकर बादो देशक कोनो क्षेत्र मे एलपीजीक कमी नहि अछि। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालयक संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा नव दिल्ली मे जनौलनि जे पच्चीस हजार एलपीजी वितरक मे सँ केओ स्टॉक समाप्त हेबाक सूचना नहि देलनि अछि। ओ लोक के अफवाह पर ध्यान नहि देबाक अपील कयलनि। श्रीमती शर्मा कहलनि जे देशक रिफाइनरी लऽग कांच तेलक पर्याप्त भंडार अछि, संगहि सभ पेट्रोल पंप पर पेट्रोल आ डीजल सेहो पर्याप्त मात्रा मे अछि। संयुक्त सचिव कहलनि जे राज्य सभ के अड़तालीस हजार किलोलीटर मटिया तेल सेहो आवंटित कयल गेल अछि।

---

एम्हर, राज्य सरकार एलपीजी वितरण सँ संबंधित समस्याक समाधान लेल राज्यस्तरीय नियंत्रण कक्षक स्थापना कयलक अछि। खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण विभागक अंतर्गत गठित नियंत्रण कक्षक टेलीफोन नंबर अछि– **शून्य छओ एक दू– दू दू तीन तीन शून्य पाँच शून्य** एहि टेलिफोन नंबर पर उपभोक्ता सवेरे सात बजे सँ राति नओ बजे धरि एलपीजीक उपलब्धता, वितरण आ एहि सँ संबंधित कोनो प्रकारक समस्या अथवा शिकायत दर्ज करबा सकैत छथि। एहि मध्य राज्य सरकार सभ जिलाधिकारी आ पुलिस अधीक्षक के घरेलू गैस सिलिंडरक कालाबाजारी आ जमाखोरी पर रोक लगेबाक निर्देश देलक अछि। विकास आयुक्त

मिहिर कुमार सिंह भानसवला गैस सिलिंडरक व्यवसायिक स्तर पर उपयोग नहि हेबाक संबंध में नजरि रखबा पर जोर देलनि। दरभंगा मे जिला पदाधिकारी कौशल कुमार कहलनि जे जिला मे गैस के आपूर्ति मे भऽ रहल दिक्कत के सूचना जिला नियंत्रण कक्षक दूरभाष नंबर– **शून्य छओ दू सात दू–दू चारि पाँच शून्य पाँच पाँच** पर देल जा सकैत अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन समृद्धि यात्राक क्रम मे खगड़िया आ सहरसा मे आयोजित जनसंवाद मे राज्य मे विकासक प्रतिबद्धता के दोहरौलनि। ओ कहलनि जे पछिला दू दशक सँ बिहार तेजी सँ प्रगतिक पथ पर आगां बढल आ शिक्षा, स्वास्थ्य, रोजगार तथा आधारभूत संरचनाक क्षेत्र मे उल्लेखनीय काज भेल। सहरसा मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री पाँच सय बारह करोड़ टाकाक लागतिवला एक सय पच्चीस विकास योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। ओतहि, खगड़िया मे मुख्यमंत्री तीन सय चारि करोड़ टाकाक लागतिवला तीन सय उन्नैस विकास योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि।

———————————————————————————

प्रदेशक नवनियुक्त राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सैयद अता हसनैन काल्हि पटनाक लोकभवन मे आयोजित समारोह मे शपथ लेताह। ओम्हर, बिहार विधानसभाक पूर्व अध्यक्ष नंद किशोर यादव आइ नागालैंड मे तेईसम राज्यपालक रूप मे पदभार ग्रहण कयलनि। गुवाहाटी उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश न्यायमूर्ति आशुतोष कुमार हुनका पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि।

———————————————————————————

दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर केन्द्रीय मंत्री नितिन गडकरी सँ भेट कऽ काठमांडूक पशुपतिनाथ सँ बैद्यनाथ धामक प्रस्तावित हाई स्पीड कॉरिडोर सँ मिथिलांचलक कुशेश्वर स्थान के जोड़बाक आग्रह कयलनि। केन्द्रीय मंत्री एहि प्रस्ताव पर शीघ्र पहल करबाक आश्वासन देलनि।

———————————————————————————

आइ बिहार विधानसभा के बम सँ उड़ेबाक धमकी भेटल। ई–मेलक माध्यम सँ प्राप्त धमकी पर संज्ञान लैत विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार विधानसभा परिसरक सुरक्षा के लऽकऽ उच्च स्तरीय समीक्षा बैसार कयलनि। धमकी भेटलाक बाद पुलिस आ बम निरोधक दस्ता विधानमंडल परिसर मे चप्पा–चप्पाक तलाशी लेलक। कतहुं सँ कोनो प्रकारक विस्फोटक नहि भेटल। विधानमंडल परिसर मे सुरक्षा बढ़ा देल गेल अछि।

————————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ प्रदेशक उत्तरी क्षेत्र मे कतेको स्थान पर आंशिक अथवा मध्यम बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइयो प्रदेशक उत्तरी क्षेत्र मे कतेको स्थान पर बरखा हेबाक संभावना बनल अछि।

————————————————————————————

समाप्त भेल